

# Ki sa ki literasi estriktire?

Literasi estriktire se yon fason pou anseye elèv yo li.

## Ak kisa sa sanble oswa sonnen?

Literasi estriktire swiv yon lòd espesifik pou anseye lekti, soti nan konpetans senp rive nan pi konplèks, ki baze sou fason nou konnen moun aprann fè lekti. Li trè dirèk tou. Pwofesè yo konsantre sou konpetans egzak ke elèv yo bezwen konnen pou yo ale soti nan pawòl rive nan mo ekri. Literasi estriktire se aprantisaj pratik ak anpil pratik, revizyon, ak koreksyon erè pandan elèv yo aprann nouvo konpetans yo. Ansèyman literasi estriktire ka kòmanse nan timoun piti epi kontinye nan lekòl segondè. Koute, pale, lekti, ak ekri yo asosye youn ak lòt pou anseye konpetans nan lekti.

Li sanble ak:

- Ansèyman non lèt yo ak son yo,
- Sonnen lèt ak fason yo melanje yo ansanm nan divès mo,
- Bati mo ak mozayik lèt ak lòt objè,
- Tape oswa aplodi an divès son ak silab nan mo yo,
- Sèvi ak yon tablo kat mo pou montre elèv yo kijan chak son separe nan yon mo konpoze ak youn oswa plizyè lèt, epi
- Fè fraz ak mo sou divès kat.

Sèvi ak apwòch sa a, nou pa mande elèv yo "devine" oswa itilize "endikasyon kontèks" nan yon liv pou anseye yo kijan pou li divès mo.

## Ki kote mwen ka aprann plis?

Literasi estriktire baze sou yon gwo koleksyon etid rechèch pa edikatè yo, espesyalis lapawòl ak langaj, sikològ, newològ, ak plis ankò. Yo rele sa pafwa Syans Lekti.

Distri lekòl lokal ou a ta dwe kapab pataje plis enfòmasyon avèk ou sou fason y ap itilize yon apwòch literasi estriktire. Genyen tou anpil òganizasyon ki pataje enfòmasyon sou literasi estriktire ak aktivite fanmi-zanmitay ki bati konpetans nan lekti. Pa egzanp, Asosyasyon Entènasyonal Disleksi ([DyslexiaIDA.org](https://DyslexiaIDA.org)) ak [ReadingRockets.org](https://ReadingRockets.org). Vizite sit entènèt Ohio Statewide Family Engagement Center nan [OhioFamiliesEngage.osu.edu](https://OhioFamiliesEngage.osu.edu) pou wè plis resous tankou sa a ki sipòte fanmi, lekòl, ak patenarya kominote solid pou byennèt ak reyisit akademik elèv yo!